QRickit
0224CH09



# 9 ई कोन ऋतु थिक ?

## ऋतु



एक साल मे पांच टा ऋतु  होइत छैक। वसंत ऋतु के आगमन हर्षक संचार करैत छैक, फूल सभ प्रस्फुटित होइत छैक, चिड़ै सभ चहचहाइत छैक।



ग्रीष्म ऋतु  चमकैत सूर्य संग अबैत छैक आ बच्चा सभ के खेलैबाक लेल पैघ दिन भेटैत छैक।



पानिक बूंदक संग वर्षा ऋतु अबै छै,मोर नाचैत  छैक आ बेंग  कूदै छै।

© NCERT not to be republished

शरद ऋतु मे दिन मे सुखद हवा बहैत छैक, पत्ता सभ जमीन पर खसैत छैक।





शिशिर ऋतु ओ होइत छैक,जखन हम माथ सँ अंगूठा तक बर्फ मे रहैत छी।

## आउ, हम सब चर्चा करी।

क. अहाँ कोन ऋतु मे छुट्टी पर जाइत छी ?

ख. अहाँक जन्मदिन साल केर कोन ऋतु मे होइत अछि ?

ग. अहाँक पसीनक ऋतु कोन अछि ? आ कियैक ?

घ. अहाँक पसीनक ऋतुक संदर्भ मे विशेष की छै ?

कविता सस्वर पढ़ू आ अभिनय करू। विभिन्न ऋतु मे ओ सभ जे विशेष करै छथि,तकर चर्चा करू। स्थानीय स्तर पर उपलब्ध विविध भोजन आ कपड़ा के सेहो चर्चा करू। उदाहरण स्वरुप, कश्मीर मे *फिरन* इत्यादि। स्थानीय स्तर पर मौसम मे उतार चढाव कोना लोकक दैनिक जीवन के प्रभावित करै छै,तकरो चर्चा करू।

© NCERT not to be republished

## ऋतु सभ के ओकर नाम आ पाबनि तिहार सँ मिलान करू।



**शरद ऋतु**

*दशहरा,*
*शरद पूर्णिमा*



**ग्रीष्म ऋतु**

*गुरु पूर्णिमा,*
*बुद्ध पूर्णिमा, रामनवमी,*
*महावीर जयंती*



**वसंत ऋतु**

*गुड़ी पड़वा,*
*शिवरात्रि,बैशाखी,*
*होली*



**शिशिर ऋतु**

*लोहड़ी,*
क्रिसमस, गणतंत्र दिवस,
गुरु नानक जयंती,बिहू



**मानसून, वर्षा ऋतु**

*जन्माष्टमी, रक्षाबंधन,*
*स्वतंत्रता दिवस*

हिन्दी मे ऋतु सभहक नाम जेना *वसंत, शिशिर* इत्यादि के चर्चा करू,संगहि स्थानीय भाषा मे सेहो। हुनका सभ के दोसर पाबनि जेना ईद ,जे ऋतु आधारित नै छै,तकरो बारे मे बतबियौन्ह।







© NCERT not to be republished

## कैलेंडर सँ मजा ।

### जनवरी

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

### फ़रवरी

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | | | | |

### मार्च

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

### अप्रील

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 30 | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

### मई

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

### जून

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

### जुलाई

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 30 | 31 | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

### अगस्त

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

### सितंबर

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

### अक्टूबर

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

### नवंबर

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

### दिसम्बर

| S | M | T | W | T | F | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

*2023 पर आधारित कैलेंडर

## कैलेंडर देखू आ सारणी भरू ।

| महीना | दिन के संख्या |
|---|---|
| जनवरी, मार्च, मई,जुलाई, अगस्त, अक्टूबर, दिसंबर | |
| फ़रवरी | |
| अप्रील,जून, सितंबर, नवम्बर | |

© NCERT not to be republished



## आउ,हम सभ गप्प करी ।

क. हम सभ पंचांगक उपयोग कियैक करैत छियैक ?

ख. की, प्रत्येक बरख फरवरी मे बराबर दिन होइत छैक? चर्चा करू।

ग. एक सप्ताह मे कतेक दिन होइत छैक? ____ दिन ।

घ. पिछला पृष्ठ पर देल गेल कैलेंडर मे अप्रील महीना मे कतेक रविवार छै ? ____

ङ. कोन महीना मे 5 टा रविवार छै ? ________, ________, ________, ________, ________.

च. ________ आ________ महीना मे गर्मी छुट्टी छै। ________.

छ. ________ आ ________ महीना मे गर्मी छुट्टी छै।

ज. मार्च आ अप्रील मे कुल दिनक संख्या पता करू। ____ दिन + ____ दिन = ____ दिन

## परियोजना कार्य

अपन जन्मदिन बला महीनाके पंचांग बनाउ आ अपन जन्मदिनके चिन्हित करू।



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| S | M | T | W | T | F | S |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

हमर सभहक दैनिक जीवन मे पंचांगक महत्व पर चर्चा करू।



© NCERT not to be republished

## एहि मे कतेक समय लगैत छै ?

क्रियाकलाप के अवधि सँ एकरा पूरा करबा मे लाग’ बला समयक मिलान करू।



भानस करब ।



गर्मी छुट्टी



पानि के हौद भरब



एकटा स्वेटर बिननाइ






खेलनाइ



बीज के गाछ बनब



ऋतु परिवर्तन



योग

© NCERT not to be republished

आन सभ क्रियाकलाप,जकरा पूरा होमय मे भिन्न भिन्न समयावधि लगैत छैक ,केर चर्चा करू।




विजयवाड़ा के यात्रा
तिथि : 24 नवम्बर, समय : 8 बजे प्रात:
08:25
जल्दी करू! ट्रेन चलय बला छै ।
तिथि : 24 नवम्बर, समय : 1:15 दुपहर
बाबा,अखन 1: 15 दुपहर भेल छै। नानी के घ'र पहुंचबा मे आओर कतेक समय लागतै ?
बस, 1 घंटा आओर , विजयवाड़ा स्टेशन पहुंचबा मे।
तिथि : 25 नवम्बर, समय : 10:00 बजे प्रात:
भगवान, अहाँके कुशल राखथि।
हं बौआ ! आखिर, ओकर विवाह छै।
मां,हम सब आइ खूब मस्ती केलियै। मामाजी के देखियौन्ह,ओ बहुत सुंदर लागि रहल छथिन्ह।
तिथि : 26 नवम्बर, समय : 8:00 बजे प्रात:
मां ,परसू हमर सभहक ट्रेन अछि। की हम सभ दर्शनीय जगह सभ देखबाक लेल जा सकैत छी?
हं,हम सभ 11 बजे (11 ए एम) मंगलागिरि पहाड़ी पर जेबै।


26 नवम्बर,
समय : 5:00 बजे सांझ
बाबी ,देखू, कतेक सुन्दर पौधा आ गाछ सभ छै । बहुत रास सुन्दर फूल सभ सेहो छै।
बच्चा सभ, सांझ के 5 (5 पी एम ) बाजि गेलै , हमरा सभके देरी भ’ जायत ।हमरा सभ के आब वापस चलबाक चाही ।
Kondapalli Fort
हम सभ 8 घंटा के बाद वापस आबि जयबै।
तिथि : 27 नवम्बर,
समय : 9:00 बजे प्रातः
पूरा परिवार बस सँ कोंडावाली किला जयबाक निश्चय कयलैन्ह।
ठीक छै , महोदय, अहाँ किला घूमू। हम 8 घंटा के बाद अहाँ सभ के लेबाक लेल आबि जायब । अहाँक यात्रा मंगलमय होमय।
तिथि : 28 नवम्बर
समय : 7:00 सांझ
ओह ,बाबूजी ,हमर सभहक यात्रा समाप्त भ’ गेल आ आब हमरा सभके वापस घ’र जयबाक अछि । लेकिन,भारत के सभसँ बेशी तेज गति बला ट्रेन , वन्दे भारत सँ वापस जयबाक लेल हमसभ बड्ड उत्साहित छी।
हं।
2
वाह !
तिथि : 28 नवम्बर
समय : 11:30 बजे मध्याह्न
हं,हम सभ फेर जल्दिये एहन यात्रा करबै ।
23:30
ICF
वंदे भारत
मां, हमरा सँ इंतजार नै भ’ रहल अछि,अपन मित्र सभ के एहन रोमांचक यात्रा के बारे मे बतबय लेल ।

## आउ,हम सब ग'प करी।

क. परिवार यात्रा के कार्यक्रम कियैक बनौलक?परिवार यात्रा लेल कोन ठाम गेलै ? अहाँके हुनकर यात्रा के की नीक लागल ?

ख. ओ सभ कोन दिन अपन यात्रा शुरू कएलन्हि ? ओ सभ कहिया वापस अयलाह ? हुनकर सभहक यात्रा कतेक दिनके छलैन्ह ?

ग. ओ सभ यात्रा मे कत' घुमलाह ?

घ. हुनकर सभहक दिनक यात्रा कतेक कालक छलैन्ह :

i. मंगलागिरि पहाड़ी ________ घंटा

ii. कोंडापल्ली किला ________ घंटा

ओ सभ ओहिठाम सँ कहिया अयलाह ? ________

ङ. ओ सभ जयबा काल मे कतेक काल ट्रेन मे रहथि?—

i. विशाखापत्तनम सँ विजयवाड़ा

[ ] तक [ ] ______ घंटा

ii. विजयवाड़ा सँ विशाखापत्तनम

[ ] तक [ ] ______ घंटा

दुन्नू मे सँ कोन यात्रा मे बेशी समय लागलै ?

च. की, अहाँ अखन हाल-फिलहाल कोनो यात्रा पर गेल रही ? यात्रा मे सभसँ बेशी अहाँ कथी के आनन्द उठबै छी?

© NCERT not to be republished

## अद्भुत तथ्य

**की अहां जनैत छी ?**

वन्दे भारत,भारत के सभसँ बेशी तेज गति बला ट्रेन छै। ई ट्रेन के डिजाइन भारत मे बनल छैक आ ई भारत के पहिल ट्रेन छै ,जाहि मे एकीकृत इंजन छै,अलग इंजन कोच नै।




बच्चा सभ सँ हुनकर सभहक यात्रा अनुभवक विषयमे गप्प करू जाहि सँ समय के अवधि के दिन आ घंटा के परिप्रेक्ष्य मे बूझि सकथि। हुनका सभ सँ हुनकर सभहक शहर के वैशिष्ट्यक संबंध मे सेहो चर्चा करू।

## गार्गी के दिन

चलू,हम सभ देखी, गार्गी एक दिन मे की करैत छथि। सभ चित्रक लेल समय लिखू।






## आउ ग'प करै छी।

**घड़ी के छोटका हाथ ( घंटा बला) आ बड़का हाथ (मिनट बला) के स्थिति देखू आ अवलोकन करू जे गार्गी कोन काज कखनकरै छथि ।**

क. ओ कखन उठै छथि ?

ख. ओ कखन विद्यालय जाइत छथि ?

ग. ओ दिनक भोजन करैत छथि?

© NCERT not to be republished





## आउ करै छी।

### क. घड़ीमे समय देखियौ।



| | | | |
|---|---|---|---|
| ___ बजे | ___ बजे | ___ बजे | ___ बजे |

### ख. घड़ी मे घंटा बला सुई आ मिनट बला सुई बनाउ।



| | | |
|---|---|---|
| 3 बजे | 11 बजे | 4 बजे |



| | | |
|---|---|---|
| 9 बजे | 12 बजे | 6 बजे |

© NCERT not to be republished



## ग. अहाँ नीचां देल गेल क्रियाकलाप कखन करै छी ?

ओकरा सभ के घड़ी मे घंटा बला सुई आ मिनट बला सुई बना क' चिन्हित करू।



पढाई



खेल



दिनक भोजन










© NCERT not to be republished

## आउ खेलै छी - दिशा बूझब ।

कक्षाके एकटा बच्चा के स्वयंसेवक बनबियौ। ओकरा आंखि पर पट्टी बान्हि दिय'। पट्टी बान्हल बच्चा के एक ठाम सँ दोसर ठाम जयबाक निर्देश दिय'(उदाहरण स्वरुप, अंतिम बेंच सँ श्यामपट्ट तक आउ) । निर्देश लेल खाली यैह शब्दक प्रयोग करू---दहिना, बामा, सीधा ।

अलग-अलग बच्चा के स्वयंसेवक बनाक' 5-7 बेर खेल चलतै। बच्चा सभके कोनो वस्तुसँ चोटक संभावनाक स्थिति मे एकटा सुरक्षित शब्द जेना ," खतरा" के प्रयोग कर' कहियौन्ह।
(कठिनाई के स्तर बढैबाक हेतु अहाँ कक्षाके समानसभके एमहर–ओमहर क' सकैत छी वा रस्तामे चोट नै पहुँचाब' बला वस्तुसभ राखि सकैत छी।)




### साराके विद्यालयक रस्ता

हरियर रेखा सारा के विद्यालय जयबाक रास्ता छैन्हि। आब अलग-अलग रंग सऽ आस्था आ निया के घऽर सऽ विद्यालय के रास्ता के रेखांकित करू।

भिन्न भिन्न स्थान के पता लगबै मे तथा रस्तासभके मार्गदर्शन मे मोबाइल एप के उपयोग पर चर्चा करू।



© NCERT not to be republished

## पूरब, पश्चिम, उत्तर वा दक्षिण

आउ ठाढ़ होइत छी

उगैत सूर्यक सामने




पूरब दिशा होइत छै।

अहांक पाछू पश्चिम दिशा अछि।

अपन वाम अंगूठा निकालू आ ओ उत्तर दिशा अछि।

अहाँक दहिना भागमे दक्षिण दिशा अछि।

अतः,जखन हम सभ बाहर जाइत छियैक

आ चारू कात घूमै छियैक,

हम बूझि जाइत छियैक,कोन दिशा

मे जयबाक छै --- पूरब, पश्चिम,

उत्तर वा दक्षिण।

© NCERT not to be republished

कविता के अभिनय सहित पाठ करू। बच्चा सभ के दिशा के पहिचान करबा मे मदति करियौ। शिक्षक दिशा सभ पर बेशी जोर दैथु आ बच्चा सभ अपना आसपास सँ उदाहरण देथु,जाहि सँ ओ सभ एहि शब्दक स्थानिक प्रासंगिकता के बूझि सकथि।



## आउ,हम सब करी।

**नीचां देल कक्षा के देखू आ प्रश्न के उत्तर( उत्तर, दक्षिण,पूरब, पश्चिम ) सऽ दियऽ। कम्पास के प्रयोग करू**







क. हनीत के डेस्क ,सारा के डेस्क के ____________ दिश छै।

ख. अलमारी अली के डेस्क के ____________ दिश छै।

ग. श्यामपट्ट दिश जाइ लेल मीरा के ____________ दिश जाइ के छैन्हि आ तकर बाद ____________ दिशि ।

घ. खिड़की पर बैसल चिड़ै के खुएबाक लेल नितिन के ____________ दिश जाइ के छैन्हि आ तखन ____________ दिश ।

कम्पास के उपयोग पर चर्चा करू। बच्चा सबके कम्पास के उपयोग सऽ विभिन्न वस्तु के विभिन्न स्थानक संदर्भ मे दिशा के पता करबाक लेल कहियौन्ह।



© NCERT not to be republished

